

Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum.

Upacara Tradhisi Grebeg ... (Heri Priyo N)

**UPACARA TRADHISI GREBEG NGENEPE WONTEN ING KOMPLEK NGENEPE DESA
DADAPAYU KECAMATAN SEMANU KABUPATEN GUNUNGKDUL**

E-Journal

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



Dening

Heri Priyo Nugroho

11205244009

Yogyakarta, Agustus 2018

Pembimbing

Yogyakarta, Agustus 2018

Ketua Jurusan

Pendidikan Bahasa Daerah



Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M. Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004



Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M. Hum.

NIP. 19640403 199001 1 004

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2018

**UPACARA TRADHISI GREBEG NGENEP WONTEN ING KOMPLEK NGENEPE DESA
DADAPAYU KECAMATAN SEMANU KABUPATEN GUNUNGKIDUL**

Dening

Heri Priyo Nugroho

11205244009

SARINGING PANALITEN

Panaliten menika nggadhahi ancas kangge ngandharaken mula bukanipun Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep, prosesi Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep, makna simbolik ubarampe sajen wonten ing salebetung Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep saha paedahipun Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep tumrap warga masarakat komplek Ngenep lan sakiwatengenipun.

Panaliten menika ngginakaken metode panaliten deskriptif kualitatif. Caranipun ngempalaken data ing salebetung panaliten menika ngginakaken metode observasi berpartisipatif, wawancara mandalam saha dokumentasi. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu mawi piranti kamera, perekam, saha piranti kangge nyerat. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika teknik analisis induktif. Caranipun ngesahaken data lumantar triangulasi sumber saha triangulasi metode.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih : (1) mula bukanipun Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep menika minangka ulang tahun saha bebungah dhateng Ki Mento Kuasa minangka cikal bakal komplek Ngenep, ingkang saged mbendung Kali Dung Lumbu ingkang saben banjir ngelepi Kraton Surakarta. Saengga saben taun saksampunipun wulan Sapar warga komplek Ngenep ngawontenaken Grebeg Ngenep menika. (2) Prosesi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika kaperang dados (a) prosesi memule dinten Kamis Pon, saha (b) kirab Grebeg Ngenep menika wonten dinten Jumat Wage. (3) Makna simbolik ubarampe sajen wonten ing upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika kange wujud raos syukur kita dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit kawilujengan, katentreman, kabagaswarasan, sarta pinaringan gampil anggenipun pados rejeki anggenipun nglampahi pagesangan. (4) Paedahipun upacara tradhisi Grebeg Ngenep tumrap warga komplek Ngenep lan sakiwatengenipun inggih menika (a) paedah spiritual, (b) paedah sosial, saha (c) paedah nglestantunaken budaya.

**TRADITIONAL CEREMONY of “GREBEG NGENEP” in NGENEP HOUSING
COMPLEX DADAPAYU VILLAGE SEMANU DISTRICT GUNUNGKIDUL REGENCY**

By

Heri Priyo Nugroho

11205244009

ABSTRACT

This study aims to explain the beginnings of "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremony, "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremony procession, the symbolic meaning of "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremonial offerings, and the benefits of "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremony for the people of Ngenep housing complex and its surroundings.

This study uses a qualitative descriptive research method. Data collection methods in this study use participatory observational method, in-depth interviews, and documentation. The researcher uses camera, recorder, and writing tools. The way to analyze data is by using inductive analysis techniques. The data is being validated by source triangulation and method triangulation.

The results of this study indicate that: (1) The beginning of the "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremony as a birthday and a gift for Ki Mento Kuasa as the forerunner of the Ngenep housing complex, which can block the Dung Lumbu river which floods Surakarta Palace. So that every year, on every Friday *Wage* after the Sapar month, the residents of Ngenep housing complex hold "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremony. (2) "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremony procession was divided into (a) "*memule*" processions held on Thursday *Pon*, and (b) the "*Grebeg Ngenep*" procession held on Friday *Wage*. (3) The symbolic meaning of offerings in the ceremony of the "*Grebeg Ngenep*" tradition is for the expression of thanksgiving to the Almighty God for blessings, peace, health, and launch in seeking sustenance to meet daily needs. (4) The benefits of "*Grebeg Ngenep*" traditional ceremony for residents of the Ngenep housing complex and its surroundings, namely (a) spiritual benefits, (b) social benefits, and (c) the benefits of preserving culture.

Purwaka

Bangsa Indonesia nggadhahi maneka warna kabudayan ingkang dereng dipunmangertosi dening masarakat sanesipun. Amargi bangsa Indonesia nggadhahi mapinten-pinten suku bangsa ingkang saben suku bangsa menika nggadhahi kabudayan piyambak-piyambak. Salah satunggaling asil kabudayan ingkang kathah dipunrembag inggih menika bab adat istiadat. Adat istiadat wonten ing Indonesia mliginipun Pulo Jawa menika wonten maneka warni wujudipun inggih menika adat istiadat ingkang ancasipun kangge ngucap syukur dhumateng Gusti ingkang sampaun paring berkah dhateng para masarakat Jawa saha kangge nyuwun keslametan dhumateng Gusti supados dipuntebihaken saking bebaya.

Cara masarakat Jawi kangge ngucap syukur kaliyan nyuwun keslametan menika wonten maneka warni, salah satunggalipun inggih menika ngawontenaken upacara tradhisi. Wonten ing masarakat Jawi wonten maneka warni upacara adat ing antawisipun, upacara adat ingkang gayut kaliyan lampah pagesangan manungsa kados sakderengipun manungsa lair, adat saksampunipun manungsa lair lan adat saksampunipun manungsa tilar donya. Upacara adat ingkang gayut kaliyan anggenipun nyekapi kabetahan gesang, kadosta adat mbangun bale wisma enggal, adat wiwitan panen pantun enggal. Upacara adat ingkang taksih lumampah sanesipun inggih menika upacara adat ingkang gayut kaliyan kadadosan tartamtu, kadosta merti dhusun, saparan, ruwahan, suran, labuhan saha rasulan.

Salah satunggaling upacara adat ingkang gayut kaliyan kadadosan tartamtu saha taksih ngrembaka wonten ing Kecamatan Semanu, Kabupaten Gunungkidul inggih menika upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep Desa Dadapayu. Wonten ing

upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika kathah ubarampe ingkang kedah dipunsamektakaken, kadosta sesaji saha gunungan.

Miturut cariyos, upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika nggadhahi gayutan kaliyan upacara Grebeg ingkang dipunawontenaken Kraton Kartasura. Mula bukaning upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika saking Ki Mentotruno ingkang sampun saged mbendung banjir kali Kedung Lumbu wonten Kraton Kartasura. Awit saking menika Ki Mentotruno dipunparangi bebungah saking Kraton Kartasuro, asmanipun dipunganti dados Ki Mentokuasa lajeng dipunidini ngawontenaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing Ngenep.

Upacara tradhisi Grebeg Ngenep dipunawontenaken saben tahun, saben dinten Jumat Wage (saksampunipun wulan Mulud). Upacara menika dipunpusataken dening tokoh Ki Mentokuasa ingkang sampaun dados mitos "*pengayom dan kesejahteraan*" masarakat. Ingkang *unik* saking upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika sedaya ubarampe ingkang dipunbetahaken wonten saklebeting upacara wiwit saking sesaji, sepasang penganten, saha ingkang nabuh bendhe naming saking keturunan Ki Mentokuasa ingkang saged nyamektakaken.

Awit saking kasunyatan ingkang dipunpanggihaken babagan upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika, panaliten menika badhe nindakaken panaliten kangge madosi *makna simbolik* ing salebeting upacara tradhisi Grebeg Ngenep, mliginipun *makna simbolik* sajen wonten ing upacara tradhisi Grebeg Ngenep. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika dipunpilih amargi upacara tradhisi menika tasih dipunuri-uri ngantos dumugi wekdal sakmenika saha warga masarakat nggadhahi kapitadosan bilih

upacara tradhisi menika segad paring berkah saha keslametan dhateng warga masarakat.

Gegaran Teori

1. Pangertosan Budaya

Tembung kabudayan inggih menika saking tembung *buddhayah*, ingkang awujud jamak saking tembung *buddhi* inggih menika “*budi*” utawi “*akal*”. Kabudayan menika ateges bab ingkang wonten gayutanipun kaliyan budi saha akal, asiling akal. Asiling akal menika ngasilaken tindak-tandukipun tiyang ingkang ajeg wonten masarakat.

Endraswara (2003: 1) ngandharaken bilih budaya inggih menika *lekat* (*inherent*) kaliyan bidang-bidang sanesipun ingkang katata. Gegayutan antawis unsur pagesangan kasebut ingkang ndadosaken satunggaling budaya. Budaya boten namung tumpukan acak *fenomena* utawi boten namun *kebiasaan* ingkang *lazim* ananging katata kanthi rapi saha kathah maknanipun.

Saking andharan kasebut saged dipunpundhit dudutan bilih budaya inggi menika satunggaling perkawis ingkang sampun dipunrancang dening masarakat supados ndadosaken *kebiasaan* ingkang katata rapi. Ananging boten namung *asal-asalan*, menika dipuntata supados kathah makna ingkang kakandhut.

2. Pangertosan Folklor

Danandjaja (lumantar Soedarsono, 1986: 446) ngandharake bilih *folklor* inggih menika saperangan kabudayan *kolektif* ingkang kasebar saha dipunwarisaken kanthi turun-temurun, antawisipun *kolektif* menapa kemawon, kanthi *tradisional* ing versi ingkang beda *lisan* utawi tuladha ingkang awujud *gerak isyarat* utawi piranti kangege ngemutaken. Endraswara (2010: 3) ugi ngandharaken bilih *folklor* menika wujud budaya ingkang dipunwarisaken

kanthi turun-temurun. Jonas Bals (lumantar Soepantono, 1986) ngandharaken bilih *folklor* ngemot kreasi-kreasi masarakat ingkang *primitif* utawi modern, mawi swanten utawi tembung-tembung awujud puisi saha prosa, kalebet ugi kapitadosan saha ketakhayulan, adat istiadat saha pertunjukan, tari-tarian saha drama rakyat.

Miturut Brunvand (lumantar Hutomo, 1991: 8) *folklor* saged dipunperang dados tigang kelompok ageng inggih menika *folklor lisan*, *folklor* saperangan *lisan*, saha *folklor* boten *lisan*. Kangge nggampilaken mangertos bab *folklor* menika dipunandharaken wujud, paedah saha sipat folklor.

Saking pamanggih para ahli ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *folklor* inggih menika wujud kabudayan ingkang dipunwarisaken kanthi turun-temurun ingkang kaperang dados *folklor lisan*, *folklor* boten *lisan*, *folklor* saperangan *lisan*. Wondene upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika kalebet *folklor* saperangan *lisan*, amargi campuran saking *folklor lisan* saha *folklor* boten *lisan*. *Folklor lisan* wonten ing upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika awujud cariyos legenda. Wondene *folklor* boten *lisan* wonten ing upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika awujud *non material* kadosta hiburan utawi pertunjukan rakyat.

3. Pangertosan Upacara Tradhisi

Soepanto, dkk (1992: 12) ngandharaken bilih upacara *tradhisional* menika salah satunggaling kagiyatan sosial ingkang dipunsengkuyung dening warga masarakat kangge mangnihaken kawilujengan saking Gusti Ingkang Maha Agung utawi saking kekiyatan *spiritual*. Adat sabenipun tiyang rumiyin dumugi sakmenika ndadosaken upacara tradhisi

ingkang trep kaliyan aturan tartamtu saengga ndadosaken kabudayan.

Masarakat Jawi taksih ngawontenaken tradhisi ingkang sampun dados adat saben wonten ing daerahipun piyambak-piyambak. Adat saben ingkang wonten ing salebetung masarakat ngandhut nilai-nilai saha norma pagesanan ingkang tuwuh ing masarakat menika. Saengga, ngantos sakmenika taksih kathah masarakat Jawi ingkang ngawontenaken adat saben kadosta upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep, Desa Dadapayu, Kecamatan Semanu, Kabupaten Gunungkidul.

Maneka warna upacara tradhisi ingkang wonten ing masarakat Jawi menika nggadhahi ancas ingkang nyawiji supados tansah pinaringan keslammetan, katentreman gesang wonten ing alam donya. Salah satunggaling upacara tradhisi ingkang taksih dipunawontenaken inggih menika upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep, Desa Dadapayu, Kecamatan Semanu, Kabupaten Gunungkidul.

4. Pangertosan Makna Simbolik

Endraswara (2003: 171) ngandharaken bilih *makna simbolik* inggih menika saking tembung Yunani inggih menika *symbolon* ingkang nggadhahi teges tanda utawi ciri ingkang maringi pangertosan kaliyan tiyang. Tiyang gesang ing alam donya menika ngginakaken simbol ingkang wonten gayutanipun kaliyan pagesangan ing padintenan.

Miturut Poerwadarminta wonten ing Kamus Besar Bahasa Indonesia “*simbol atau lambing ialah sesuatu seperti tanda, lukisan, perkataan, lencana dan sebagainya, yang menyatakan sesuatu hal atau mengandung maksud tertentu*”. Sarujuk kaliyan pamanggih Poerwadaminta,

Herusatoto (2008) ugi ngandharaken bilih “*simbol atau lambing adalah sesuatu hal atau keadaan yang merupakan pengantara pemahaman terhadap objek*”. Pamanggih menika dipunsengkuyung dening Spradley (1997: 121) ingkang ngandharaken bilih simbol inggih menika prastawa utawi *objek* utawi ingkang nedahaken sesuatu.

Adhedhasar pamanggih para ahli menika saged dipunpendhet dudutan bilih *makna simbolik* inggih menika makna saking simbol utawi lambing ingkang saged awujud tanda, lukisan, pangandikan, lencana, lsp minangka sarana pemahaman kaliyan *objek*.

5. Pangertosan Sajen

Miturut W. J. S. Poerwadarminta (1939:537) sajen inggih menika kembang, panganan lsp, kang disajekake marang lelembut. Wernanipun sajen menika boten namug tetehan kemawon, ananging saged awujud sekar saha piranti sanesipun. Sajen ingkang arupi tetehan utawi sekar kangge lelembut ingkang mbauregsa wonten ing papan tartamtu. Sajen asring kangge upacara-upacara tradhisi minangka simbolikipun kangge nggayutaken donya nyata kaliyan donya kasat mata.

Maneka wernaning sajen dipunginakaken wonten upacara-upacara menika nggadhahi simbolis saha ancas tartamtu gumantung upacaranipun. Paedahipun sajen menika minangka sedhelah saha kangge komunikasi kaliyan makhluk kasat mata. Sedaya wujud sajen ingkang dipunginakaken menika gadhah makna simbolik utawi ancas tartamtu ingkang dipunanggep penting wonten ing salebetung pagesangan.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sajen ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tradhisi Grebeg Ngenep ing

komplek Ngenep Desa Dadapayu Kecamatan Semanu Kabupaten Gunungkidul menika wujud raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung. Ancasipun sajen menika supados pikanntuk berkah kawilujengan saha katentreman saking Gusti Ingkang Maha Agung.

Cara Panaliten

Panaliten “Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing Komplek Ngenep Desa Dadapayu Kecamatan Semanu Kabupaten Gunungkidul” menika ngginakaken jinising panaliten deskriptif kualitatif. Panaliten menika dipunlampahi kanthi cara ngandharaken babagan mula bukanipun, prosesi Grebeg Ngenep, *makna simbolik* sesaji saha paedah kangge masarakat wonten ing Desa Dadapayu, Kecamatan Semanu, Kabupaten Gunungkidul. Metode panaliten *kualitatif* menika ngempalaken bahan katrangan utawi data ingkang dipuntindakaken kanthi cara *sistematis*. Wonten ing salebeting *metode kualitatif*, panaliti piyambak utawi kalihan pambiyantunipun tiyang sanes minangka sarana kangge pangempal *data* ingkang utama. Sumber *data* panaliten menika dipunpikantuk saking *observasi*, *wawancara*, saha *dokumentasi*. Metode ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* inggih menika kanthi *observasi berpartisipatif*, *wawancara mendalam*, saha dipunjangkepi kaliyan *dokumentasi*.

Data panaliten menika dipunanalisis kanthi *analisis data induktif*. Tegesipun *analisis data induktif* inggih menika *kemampuan* paniliti damel *kategorisasi* saha *abstraksi* saking *fenomena* budaya (Endraswara, 2006: 32). *Analisis data induktif* dipunginakaken kangge nganalisis

perkawis ingkang sampun dipunfokusaken ing *makna simbolik* ubarampe saha *prosesi upacara tradhisi Grebeg Ngenep* wonten ing *Komplek Ngenep Desa Dadapayu Kecamatan Semanu Kabupaten Gunungkidul*. Caranipun ngesahaken *data panaliten* menika ngginakaken *teknik triangulasi data*, inggih menika *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*. Setting panaliten menika mapan wonten ing *Komplek Ngenep Desa Dadapayu Kecamatan Semanu Kabupaten Gunungkidul*.

Asiling Panaliten saha Pirembagan

Andharan Papan Panaliten

Komplek Ngenep, Desa Dadapayu, Kecamatan Semanu, Kabupaten Gunungkidul papanipun wonten ing sisih wetan Kabupaten Gunungkidul. Miturut cariyos komplek Ngenep menika kala rumiyin minangka salah satunggaling desa ingkang dipunperang dados 10 padukuhan. Desa Ngenep kaperang dados 10 padukuhan menika adhedhasar saking keturunan Ki Mento Kuoso ingkang mapan wonten saben padukuhan menika. Awit saking wontenipun perubahan aturan pemerintahan, Desa Ngenep menika lajeng dipungabung kaliyan Desa Dadakan ingkang sakmenika dados Desa Dadapayu. Desa Dadapayu menika kaperang dados 20 padukuhan. Sejak dipungabung dados Desa Dadapayu menika, sebutan Ngenep sampun ical, sakmenika namung kantun sebutan komplek Ngenep kemawon. Komplek Ngenep menika kaperang dados 6 Dusun, inggih menika Dusun Mojo, Dusun Sembuku, Dusun Karangtengah, Dusun Nagasari, Dusun Pomahan, lan Dusun Kauman. Komplek Ngenep menika tebihipun kirang langkung 20 km saking Ibu Kota Kabupaten Gunungkidul. Komplek Ngenep dipunwatesi dening tlatah kados ing ngandhap menika :

1. Watesipun sisih ler : Dusun Plos

2. Watesipun sisih kilen : Dusun Dedel
3. Watesipun sisih kidul : Dusun Nongko Singit
4. Watesipun sisih wetan : Dusun Sendang

Mula Bukaning Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep

Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep menika dados tradhisi ingkang dipunawontenaken saben tahun, saben dinten Jumat Wage (saksampunipun wulan Sapar). Upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika gadhah ancas kangge memule utawi syukuran awit saking hasil panen para warga komplek Ngenep utawi 6 padukuhan menika (Karangtengah, Nagasari, Kauman, Pomahan, Sembuku, Mojo).

Miturut cariyos mula bukaning Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep menika, gadhah sesambutan kaliyan upacara tradhisi grebeg ingkang dipunawontenaken Kraton Surakarta. Istilah Grebeg menika sejatosipun sampun dados pratandha bilih upacara tradhisi menika asalipun saking Kraton. Dipunawiti saking cariyos Ki Mentokuasa ingkang saged bendung Kali Dung Lumbu wonten ing Kraton Surakarta, ingkang saklajengipun Ki Mentokuasa dipunparangi bebungah awujud Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep menika.

Awit saking Ki Mento Kuasa dipunparangi bebungah utawi ulang tahun saking Kraton Surakarta menika, mila saben taun saben dinten Jumat Wage saksampunipun wulan Sapar, sedaya keturunan Ki Mento Kuasa saha warga masarakat komplek Ngenep ngawontenaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep ngantos dumugi sakmenika. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika gadhah ancas, minangka wujud raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung. Kajawi menika ugi kangge raos pakurmatan dhateng Ki Mento Kuasa minangka cikal bakal Ngenep lan pengayom kesejahteraan masarakat komplek

Ngenep. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika dipunlestantunaken saben taunipun, nggadhahi pangajab supados warga masarakat komplek Ngenep menika dipunparangi berkah saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos, dipunlancaraken rejekinipun, hasil panenipun, lan dipuntebihaken saking sedaya sambekala.

Prosesi Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep

Memule

Upacara tradhisi Grebeg Ngenep katindakaken saben dinten Jumat Wage saksampunipun wulan Mulud. Adicara memule menika dipunwiwiti kanthi reresik margi lan papan ingkang badhe kaginakaken kangge upacara, mliginipun pekarangan griya Bapak Jumadi saha masjid Al Mutaqim. Adicara menika katindakaken ing dinten Kamis Pon ing wanci jam 11.00 siang, kanthi ancas nyuwun berkah pangestu saking para leluhur supados slamet kanthi *menyembelih* menda. Memule menika dipunrawuhi dening para warga saha para sesepuh pinisepuh. Para warga rawuh wonten ing dalemipun Bapak Jumadi kangge kendhuri memule.

Ancas saking memule inggih menika kangge nyuwun donga pangestu dhateng Gusti Allah supados sedaya warga 6 dhusun (Karangtengah, Nagasari, Kauman, Sembuku, Mojo, Pomahan) ingkang samangkeh ndherek Grebeg dipunparangi keslametan, kangge para kadang tani ampuン ngantos wonten ama taneman supados asiling tetanen saged kasil kanthi sae, kangge ingkang gadhah tumindak ala supados saged enggal dados tiyang ingkang sae. Kangge ingkang kagungan pangkat lan jabatan supados saged minggah jabatanipun. Kangge sedaya warga masarakat komplek Ngenep supados gangsar anggenipun pados rejeki.

Kirab Grebeg Ngenep

Prosesi Kirab Grebeg Ngenep menika katindakaken dinten Jumat Wage, wiwit saking enjing para warga masarakat komplek ngenep sampun nyawisaken bregodo saha gunungan ingkang badhe kaginakaken kangge kirab grebeg ngenep. Kirab grebeg ngenep menika dipunpandhegani dening Bapak Siar minangka juru kunci saking grebeg ngenep. Ingkang ndherek kirab menika para prajurit saha para warga maasarakat komplek ngenep.

Para prajurit ingkang ndherek kirab grebeg ngenep menika kedah ingkang taksih gadhah trah kaliyan para prajurit ing jaman rumiyen. Penabuh bendhe menika ugi kedah taksih trah kaliyan penabuh bendhe jaman rumiyen. amargi para warga masarakat komplek ngenep pitados menawi prajurit lan penabuh bendhe ingkang boten gadhah trah kaliyan prajurit lan penabuh bendhe jaman rumiyen menika bakal cilaka.

Kirab Grebeg Ngenep menika arak-arakan gunungan saha para bregodo saking 6 padukuhan komplek Ngenep. Ingkang samangkiah dipunbeta tumuju wonten ing masjid Al Mutaqim. Gunungan ingkang dipunarak menika wosipun inggih menika palawija lan asil bumi, menika minangka wujud syukur para warga komplek Ngenep awit asiling tetanen sae.

Kan thi ngucap syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit saking asil tetanen lan berkah saking Gusti saha nyeyuwun supados anggenipun nglampahi pagesangan samangkiah saged lancar lan dipunnberkahi saengga tahun ngajeng saged ngawontenaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep malih. Sakbibaripun ndedonga sesarengan wonten ing Masjid Al Mutaqim, lajeng gunungan dipunikraraken dening Bapak Siar. Menawi sampun dipunikraraken lajeng gunungan dipunrayah dening para warga komplek Ngenep lan sakiwo

tengenipun, kan thi ancas ngalap berkah Grebeg Ngenep.

Makna Simbolik Ubarampe Sajen

1) Kepala Kijang

Kepala Kijang utawi kepala menda ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges minangka simbol upacara tradhisi Grebeg Ngenep. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika dipuntandai mawi munculipun Kijang wonten ing komplek Ngenep.

2) Jamur Gajih

Jamur gajih ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges minangka panyuwunan, tiyang gesang menika panyuwunanipun slamet donya lan akhiratipun, lan kangge nyenyuwun supados sedaya kabetahan anggenipun nglampahi pagesangan saged kecukupan. Tiyang gesang menika boten saged ical saking kabetahan pangan saha toya. Mila mawi prosesi memule Grebeg Ngenep menika nyuwun dipuncekapi sedaya kabetahanipun.

3) Panggang Kulor

Panggang kulor ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge nyelameti gamelan Bende Kyai Murong supados anggenipun nindakaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep saged lancar boten wonten alangan. Sedaya kagiyanan ingkang wonten gayutanipun kaliyan upacara tradhisi Grebeg Ngenep saged lancar saking wiwitan ngantos dumugi pungkasan.

4) Dom Bolah

Dom bolah ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule

Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kange symbol pemersatu warga masarakat komplek Ngenep. Mawi Grebeg Ngenep menika dipunkajengaken, supados warga masarakat komplek Ngenep saged sayuk rukun mbangun desa, lan dipuntebihaken saking bebaya.

5) Kaca Pengilon sak Jungkate

Kaca pengilon sak jungkate ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kange alat rias ingkang momong bumi Ngenep. Kangge persembahan ingkang tunggu bumi Ngenep, dipunkajengaken saged nyengkuyung Grebeg Ngenep lan mangestoni lampahing adicara Grebeg Ngenep menika.

6) Arta Receh

Arta receh ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kange nyengkuyung lampahing prosesi Grebeg Ngenep menika. Tiyang gesang menika anggenipun nglampahi pagesangan boten saged uwal saking arta, sedaya kabetahan saged kecukupan lan saged kalampahan menika ngginakaken arta. Semanten ugi prosesi Grebeg Ngenep, saged kalampahan kanthi lancar menika boten saged uwal saking arta.

7) Gedhang Raja

Gedhang raja ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kange mengenang bebungah saking Ratu. Ancasipun menika supados para warga komplek Ngenep lan sakiwo tengenipun enget kaliyan warisan para leluhur, enget kaliyan perjuangan Ki Mento Kuasa, saengga menapa ingkang sampun dipuntindakaken utawi dipuntilaraken dening para leluhur boten ical.

8) Bokor Kencana/Panjang Ilang

Bokor kencana utawi panjang ilang ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kange mengeti sinten kemawon ingkang tunggu bumi komplek Ngenep menika. Warga masarakat komplek Ngenep menika taksih nggadhahi kapitadosan bilih bumi Ngenep menika wonten ingkang njagi.

9) Suruh Gambir

Suruh gambir ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kange persembahan ingkang tunggg bumi Ngenep. Ancasipun menika supados ingkang tunggu bumi komplek Ngenep menika boten ganggu gawe para warga komplek Ngenep lan sakiwo tengenipun anggenipun ngawontenaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep. Supados anggenipun ngawontenaken Grebeg Ngenep menika saged lancar boten wonten alangan.

10) Sego Sak Lawuhe

Sega sak lawuhe ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kange panyuwunan keslametan warga masarakat komplek Ngenep. Mawi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika, dipunkajeng supados warga masarakat komplek Ngenep menika pikantuk berkah saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos, tansah pinaringan keslametan lan karaharjan, lan menapa ingkang dipunkajeng dening warga masarakat komplek Ngenep saged kasembadan.

11) Jajan Pasar

Jajan pasar ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule

Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kange mempersatukan warga masarakat komplek Ngenep, saking sedaya lapisan masarakat sagedo nyawiji nyengkuyung Grebeg Ngenep. Mawi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika dipunkajenganken warga masarakat komplek Ngenep saged guyub rukun kempal manunggal nyengkuyung wontenipun upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika.

12) Jadah Gedhang

Jadah gedhang ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kange *menyatukan* penggalih antawisipun para wiranem kaliyan para pinisepuh. Para wiranem saha pinisepuh sagedo guyub rukun nyawiji nyengkuyung wontenipun upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika. Supados menapa ingkang dipunkajeng dening warga masarakat komplek Ngenep sagedo kasembadan.

13) Rak-rakan

Rak-rakan ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting prosesi memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kange wujud raos syukur warga masarakat komplek Ngenep awit saking asiling tetanen. Asiling tetanen menika dipunsajekaken wonten ing gunungan Grebeg Ngenep ingkang samangkeh dipunkirabaken lajeng dipunjarah rayah dening warga masarakat komplek Ngenep lan sakiwatengenipun. Kanthi pangajab sagedo paring berkah anggenipun tetanen wonten ing taun ngajeng.

Paedah Upacara Tradhisi Grebeg Ngenep

Paedah spiritual

Paedah spiritual saking upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep inggih menika kanthi

nindakaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep, saged rumaket kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwaos, amargi saged nyukuri menapa kemawon ingkang dipunparing dening Gusti Allah.

Paedah sosial

Paedah sosial saking upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep saged katitik saking lampahing upacara tradhisi Grebeg Ngenep inggih menika kempalipun para warga masarakat komplek Ngenep lan sakiwatengenipun. Kempal warga menika nuuhaken satunggaling silaturahmi, raos guyub rukun, saha saged langkuung rumaket malih kaliyan tiyang sanes.

Paedah nglestantunaken budaya

Paedah nglestantunaken budaya saking upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep desa Dadapayu Kecamatan Semanu Kabupaten Gunungkidul menika ngemot bab kabudayaan, saengga kedah dipunuri-uri saha dipunlestantunaken. Sedaya lampahing prosesi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep menika nggadhahi paedah ngrembakken kabudayaan. Nindakaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika salah satunggaling upiya kange nguri-uri kabudayaan Jawa saha nglestantunaken kabudayan, supados kabudayan menika boten ngantos ical saha kasingsir saking kabudayan enggal ing jaman sakmenika.

Panutup

Dudutan

Panaliten upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing *Komplek Ngenep*, Desa Dadapayu, Kecamatan Semanu, Kabupaten Gunungkidul menika ngandharaken mulabukanipun upacara tradhisi Grebeg Ngenep, prosesi upacara tradhisi Grebeg

Ngenep, *makna simbolik* ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tradhisi Grebeg Ngenep saha paedah upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika. Kangge ngandharaken ancasing panaliten menika, panaliti ngginakaken panaliten *kualitatif*. Anggenipun ngempalaken *data* kanthi *pengamatan berperanserta* saha *wawancara mendalam*. Anggenipun nglampahi *pengamatan berperanserta* kanthi cara panaliti ndherek langsung lampahing upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing lapangan. Cara menika ugi ngampilaken anggenipun *wawancara mendalam* kaliyan para *informan*.

Mulabukaning upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika gadhah sesambutan kaliyan Kraton Surakarta. Dipunwiwit saking cariyos Ki Mento Kuasa ingkang sampaun saged bendung Kali Dung Lumbu ingkang saben-saben banjir ngelepi Kraton Surakarta, ingkang salajengipun Ki Mento Kuasa dipunparangi bebungah utawi ulang tahun awujud upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika. Awit saking menika saben taun saben dinten Jumat Wage saksampunipun wulan Sapar, sedaya keturunan Ki Mento Kuasa saha warga masarakat *komplek* Ngenep ngawontenaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep ngantos dumugi sakmenika. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika nggadhahi ancas, kangge wujud raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaso saha kangge mengeti *perjuangan* Ki Mento Kuasa. Kajawi menika ugi kangge raos pakurmatan dhateng Ki Mento Kuasa minangka cikal bakal Ngenep lan *pengayom kesejahteraan* warga masarakat *komplek* Ngenep

Prosesi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika dipunwiwit kanthi *prosesi* memule, inggil menika dinten Kamis Pon wanci jam 11.00 siang. Kanthi ancas kangge nyuwun berkah pangestu saking para leluhur. Lajeng wonten ing dinten Jumat

Wage sakkibaripun shalat Jumat dipunwonteni kirab Grebeg Ngenep. Kirab Grebeg Ngenep menika minangka adicara inti wonten ing upacara tradhisi Grebeg Ngenep. Kirab Grebeg Ngenep menika dipunpungkasi wonten ing Masjid Al Mutaqim kanthi dedongo sesarengan, ingkang saklajengipun para warga masarakat *komplek* Ngenep lan sakiwatengenipun jarah rayah gunungan kanthi ancas ngalap berkah Grebeg Ngenep.

Makna simbolik ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting upacara tradhisi Grebeg Ngenep inggil menika.

- a. Kepala Kijang utawi Kepala Menda ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges minangka *simbol* upacara tradhisi Grebeg Ngenep. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika *dipuntandai* mawi *munculipun* Kijang wonten ing *komplek* Ngenep.
- b. Jamur Gajih ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges minangka panyuwunan, tiyang gesang menika panyuwunanipun slamet donya lan akhiratipun, lan kangge nyenyuwun supados sedaya kabetahan anggenipun nglampahi pagesangan saged kecukupan. Tiyang gesang menika boten saged ical saking kabetahan pangan saha toya. Mila mawi *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nyuwun dipuncekapi sedaya kabetahanipun.
- c. Panggang Kuler ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge nyelameti gamelan Bende Kyai Murong supados anggenipun nindakaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep saged lancar boten

- wonten alangan. Sedaya kagiyatan ingkang wonten gayutanipun kaliyan upacara tradhisi Grebeg Ngenep saged lancar saking wiwitan ngantos dumugi pungkasan.
- d. Dom Bolah ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge *simbol* pemersatu warga masarakat *komplek* Ngenep. Mawi Grebeg Ngenep menika dipunkajengaken, supados warga masarakat *komplek* Ngenep saged sayuk rukun mbangun desa, lan dipuntebihaken saking bebaya.
 - e. Kaca Pengilon sak Jungkate ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge alat rias ingkang momong bumi Ngenep. Kangge persembahan ingkang tunggu bumi Ngenep, dipunkajengaken saged nyengkuyung Grebeg Ngenep lan mangestoni lampahingadicara Grebeg Ngenep menika.
 - f. Arta Receh ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge nyengkuyung lampahing prosesi Grebeg Ngenep menika. Tiyang gesang menika anggenipun nglampahi pagesangan boten saged uwal saking arta, sedaya kabetahan saged kecukupan lan saged kalampahan menika ngginakaken arta. Semanten ugi prosesi Grebeg Ngenep, saged kalampahan kanthi lancar menika boten saged uwal saking arta.
 - g. Gedhang Raja ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kangge mengenang bebungah saking Ratu. Ancasipun menika supados para warga *komplek* Ngenep lan sakiwatengenipun enget kaliyan warisan para leluhur, enget kaliyan *perjuangan* Ki Mento
 - h. Kuasa, saengga menapa ingkang sampun dipuntindakaken utawi dipuntilaraken dening para leluhur boten ical.
 - i. Bokor Kencana utawi Panjang Ilang ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge mengeti sinten kemawon ingkang tunggu bumi komplek Ngenep menika. Warga masarakat *komplek* Ngenep menika taksih nggadhahi kapitadosan bilih bumi Ngenep menika wonten ingkang njagi.
 - j. Suruh Gambir ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge persembahan ingkang tunggu bumi Ngenep. Ancasipun menika supados ingkang tunggu bumi komplek Ngenep menika boten ganggu gawe para warga *komplek* Ngenep lan sakiwatengenipun anggenipun ngawontenaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep. Supados anggenipun ngawontenaken Grebeg Ngenep menika saged lancar boten wonten alangan.
 - k. Segalak Lawuhe ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kangge panyuwunan keslametan warga masarakat *komplek* Ngenep. Mawi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika, dipunkajeng supados warga masarakat *komplek* Ngenep menika pikantuk berkah saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos, tansah pinaringan keslametan lan karaharjan, lan menapa ingkang dipunkajeng dening warga masarakat *komplek* Ngenep saged kasembadan.
 - l. Jajan Pasar ingkang dipunginakaken wonten ing salebetting *prosesi* memule Grebeg Ngenep menika nggadhahi teges kangge mempersatukan warga masarakat *komplek* Ngenep, saking

- sedaya lapisan masarakat sagedo nyawiji nyengkuyung Grebeg Ngenep. Mawi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika dipunkajenganke warga masarakat *komplek* Ngenep saged guyub rukun kempal manunggal nyengkuyung wontenipun upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika.
- l. Jadah Gedhang ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting *prosesi* memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kange *menyatukan* penggalih antawisipun para wiranem kaliyan para pinisepuh. Para wiranem saha pinisepuh sagedo guyub rukun nyawiji nyengkuyung wontenipun upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika. Supados menapa ingkang dipunkajeng dening warga masarakat *komplek* Ngenep sagedo kasembadan.
 - m. Rak-rakan ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting *prosesi* memule Grebeg Ngenep nggadhahi teges kange wujud raos syukur warga masarakat *komplek* Ngenep awit saking asiling tetanen. Asiling tetanen menika dipunsajekaken wonten ing gunungan Grebeg Ngenep ingkang samangkeh dipunkirabaken lajeng dipunjara rayah dening warga masarakat *komplek* Ngenep lan sakiwatengenipun. Kanthi pangajab sagedo paring berkah anggenipun tetanen wonten ing taun ngajeng.

Paedah upacara tradhisi Grebeg Ngenep kaperang dados tiga paedah inggih menika paedah *spiritual*, paedah *sosial*, saha paedah nglestantunaken budaya. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep saged paring paedah *spiritual* dhateng warga masarakat *komplek* Ngenep, kanthi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika saged ngrumatekaken hubungan kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwaos mawi ngucap syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung. Upacara tradhisi Grebeg Ngenep dipunsengkuyung

dening warga masarakat *komplek* Ngenep saengga nuwuhan satunggaling sesrawungan saha *silaturahmi* warga masaraat, menika nuduhaken bilih upacara tradhisi Grebeg Ngenep nggadhahi paedah *sosial*. Paedah sanesipun saking upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika inggih kange nglestantunaken kabudayan. Amargi upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika ngemot bab kabudayan, saengga kedah dipunuri-uri saha dipunlestantunaken. Nindakaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika minangka salah satunggaling upiya kange nguri-uri kabudayan Jawa.

Implikasi

Upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep menika taksih dipuntindakaken, amargi masarakat komplek Ngenep taksih pitados, menawi nindakaken upacara tradhisi Grebeg Ngenep menika wonten paedah-paedah tartamtu, pramila saged dipuntrepaken wonten ing pagesangan, mliginipun minangka ndherek nglestantunaken kabudayan Jawi.

Pamrayogi

Upacara tradhisi Grebeg Ngenep wonten ing komplek Ngenep, Desa Dadapayu, Kecamatan Semanu, Kabupaten Gunungkidul menika nggadhahi potensi wisata budaya tumrap warga sakiwatengenipun Semanu. Awit saking menika prelu upiya dipundamel buku, ing pangangkah saged dipundadosaken referensi tumrap panaliten ingkang relevan saha dados referensi upacara tradhisi wonten ing Kabupaten Gunungkidul. Ugi dados dipunginakaken kange promosi wisata wonten ing Kabupaten Gunungkidul.

Dhaptar Pustaka

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Yogyakarta : PT. Gramedia.

- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta : Gajah Mada University Press.
- _____. 2010. *Folklor Jawa : Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta : Penaku.
- _____. 2012. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta : Gajah Mada University Press.
- _____. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta : Pustaka Widyatama.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta : Graffiti.
- Soedarsono. 1986. *Kesenian, Bahasa, dan Folklor Jawa*. Yogyakarta : Javanologi.
- Soepanto, dkk. 1991/1992. Upacara Tradisional Sekaten Daerah
- Istimewa Yogyakarta. Yogyakarta : Depdikbud.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.
- _____. 1939. *Baoesastrā Jawa*. Batavia : J. B. Wolters.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta : Ombak.
- Spradley, James P. 1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta : Tiara Wacana Yogyo.
- Moloeng, Ilexy. 2009. *Metode penelitian kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Fakultas Bahasa dan Seni. 2015. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Tim Penyusun. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Yogyakarta.
- Tim Penyusun. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Yogyakata.